

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra dina naskah drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar mangrupa panalungtikan kualitatif, nu ngagunakeun métode déskriptif analitik. Panalungtikan kualitatif mere perhatian data ilmiah, dina hubunganna jeung kontéks kaayaan, nu ngalibetkeun pangarang, lingkungan sosial pangarang, kaasup unsur kabudayaan (Ratna, 2013, kc. 47). Panalungtikan kualitatif téh nyaéta panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham jeung nyangkem naon-naon nu kaalaman dina panalungtikan, ku cara ngadéskripsikeun ku kecap-kecap jeung basa, tina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun metodé alamiah.

Patali jeung pamarekan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis. Ratna (2013, kc. 53) nétélakeun yén métode deskriptif analisis nya éta métode anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanna pikeun nyangking unsur-unsurna, nu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis. Jadi, saméméh ngalaksanakeun tahap analisis, panalungtik diperedih pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina objék nu rék dianalisis. Cindekna, métode déskriptif analisis téh nya éta métode nu dilaksanakeun pikeun nyangking pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis.

Ku kituna, métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur carita jeung kritik sosial nu aya dina naskah drama *Tarung* karya Nazarudin Azhar.

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.123) desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Lofland (dina Moleong, 2007, kc. 157) sumber utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi, boh buku, jurnal jeung sajabana nu ngabahas ngeunaan sosiologi sastra.

Sumber data primer dina ieu panalungtikna nyaéta naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar. Lian ti éta, ieu panalungtikan dideudeulan ku buku-buku séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.1 Idéntitas Naskah Drama “Tarung”

Naskah drama Tarung ditulis Désémber taun 2017 ku Nazarudin Azhar. Dina taun éta kénéh, naskahna dikirimkeun ka Teater Sunda Kiwari pikeun jadi naskah drama Festival Drama Basa Sunda (FDBS) taun 2018. Naskah Tarung Nazarudin Azhar téh loba nu ngaapresiasi, hal éta katingal lantaran loba peserta dina FDBS taun 2018 nu maké naskahna pikeun dipagelarkeun. Ieu naskah ogé jadi naskah favorit dina FDBS taun 2018.

3.2.2 Pangarang

Nazarudin Azhar atawa sering disebut Kang Nunu lahir di Salawu, Tasikmalaya, 23 Agustus 1973. Lahir ti kulawarga basajan, kolotna ngan jadi penjaga sakola. Miboga budak hiji nu masih kelas 5 SD ti pamajikanana nu ayeuna geus pepegatan. Pagawéan kolotna nu jadi panjaga sakola mawa kabiasaan hadé pikeun kahirupan Nunu, lantaran salila jadi panjaga sakola, bapana sok rajeun mawa buku anyar ti kacamatan, saméméh dikasakolakeun biasana sok ditunda heula di imahna. Ti dinya kabiasaan maca Nunu dimimitian. Lantaran hirup di keluarga nu teu bisa nyakolakeun nepika paguron luhur, Nunu sakola ngan nepika SMIK (Sekolah Menengah Industri Kerajinan) jurusan ukir kayu. Kadang Nunu ngarasa leutik hate, nalika keur aya kumpul jeung komunitas sastra, baturna ampir sarakola ngan manéhna nu lulusan SMIK téh. Tapi harita Nunu digedéan hate ku Kang Acep, cenah mah kudu leuwih reueus lantaran teu sakola luhur gé bisa nulis (jadi pangarang). Kabiasaan nulis Nunu dimimitian nalika masih kénéh sakola di SMIK salila sakola Nunu sok nguruskeun mading ogé sok rejeun ngirimkeun

tulisannana ka Koran Mitra Desa nepika dimuatna. Salian aktif nulis, Nunu gé aktif di téater Gawé disakolana, karesepna kana téater kadang nepikeun sok ngabangbalérkeun sakolana. Tahun 1990, Nunu masih kénéh sakola di SMIK, Nunu jadi salah saurang pendiri Teater Dongkrak nu konsén kana widang seni teater jeung sastra. Salian pentas teater, juga sababaraha kali nyieun event kesenian utamana lomba baca sajak sunda, seminar sastra, paméran buku, jrrd. Tahun 1992 Nunu lulus ti SMIK, sabada lulus manéhna beuki neuleuman dunya téater jeung teater dongkrak. Sagala hal dina dunya téater geus kacabak ku Nunu, timimiti aktor, penata musik, penata artistik nepika jadi sutradara geus dialaman ku Nunu. Tahun 1996, bareng jeung Acép Zamzam Noor ogé Saeful Badar, nyieun hiji komunitas “Sanggar Sastra Tasikmalaya (SST)” nu ngabina penulis ogé penyair ngora di Tasikmalaya dan Ciamis. Ti taun 1996 nepika 2013, Nunu gawé freelance salaku penyiar jeung penata program di radio RSPD Tasikmalaya, diantaranya ngasuh acara Cakrawala Sastra Kita (eusina ngeunaan maca puisi, dialog ngeunaan sastra jeung narasumber, musikalisasi puisi, maca esai sastra, jrrd), Dialog Budaya, jeung Langari (Panglawungan Urang Kiwari; majalah udara sastra jeung budaya Sunda). Tanggal 16 September 2011, nyieun grup Fiksimini Basa Sunda (FBS) di media sosial facebook, nu disambut kalayan antusias ku masarakat Sunda di sawatara bagéan dunya. FBS jadi sejenis tempat persemaian dan tumbuhnya gairah pikeun nulis karya fiksimini basa Sunda. Akhirnya, fiksimini tersebut jadi landasan pikeun sawatara pangarang ngora pikeun diajar nulis fiksi jeung ngamekarkeun diri nulis karya sastra lainna, saperti puisi atawa cerpén/carpon. Nepi ka ayeuna anggota grup FBS nu tercatat leuwih ti 10.000 jalma, anggota aktif nu nulis lebih ti 1.500 jalma (data fikminsunda.com, web resmi FBS). Sababaraha fikminer (pangarang fiksimini Sunda) geus nerbitkeun buku karya fikminna. Salian “ngenalkeun” fiksimini dina Basa Sunda, ogé ngamimitian nyieun grafis fiksimini, nu engkéna karya fiksimini bisa dipamérkeun selaku karya senirupa. Pernah meunang sawatara penghargaan pikeun sajak sundana, nya éta Hadiah Sastra LBSS ti Lembaga Bahasa jeung Sastra Sunda, taun 2005, 2007, 2009, dan 2010. Ogé jadi pinunjul I lomba menulis naskah drama Hadiah Sastra DK Ardiwinata, ngaliwatan naskah Blor! (1996), dua kali jadi pinunjul I lomba nulis naskah drama nu diselenggarakeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PPSS) ngaliwatan naskah Jeblog (2007)

jeung naskah Sadrah (2009). Salian maca puisi di sawatara acara sastra diantarana, dina acara Forum Sastra Indonesia Hari Ini: Jawa Barat di Komunitas Salihara Jakarta (2010), Temu Sastrawan Mitra Praja Utama di Bandung (2008) jeung di Lampung (2010), ogé sering jadi juri lomba maca puisi jeung jadi pembicara seminar atawa lokakarya seni dan budaya. Ayeuna, Nunu gawé salaku rédaktur di harian Kabar Priangan, diantarana ngasuh rubrik Budaya, ogé aktif di lembaga riset sejarah, sosial, jeung budaya Soekapoera Institute, anu nerbitkeun jurnal *Historia Soekapoera* (persemester) jeung majalah anak-anak basa Sunda *Loka* (terbit bulanan).

3.2.3 Pamaca

Pamaca naskah drama “Tarung” dina ieu panalungtikan diwakilan ku “masarakat sastra” nu ngawengku akademisi, mahasiswa, aktor jeung masarakat awam

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan dikumpulkeun data anu patali jeung panalungtikan. Ieu panalungtikan ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik studi pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi. Kajian pustaka mangrupa téhnik pikeun nyangking data atawa informasi tinulis tina buku, eséy, jurnal, dokumén, jeung sajabana anu ngandung informasi anu jelas tur bisa dipercaya. Téhnik talaah pustaka ogé digunakeun pikeun maluruh informasi dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar.

Wawancara dilaksanakeun pikeun meunangkeun informasi ti individu. Individu anu jadi narasumber nya éta pangarang lantaran sangkan nyaho kasang tukang pangarang dina nulis karya sastra. Tuluy pikeun meunangkeun sawangan anu leuwih jembar dideudeulan ku sawangan ti akademisi, mahasiswa, aktor jeung masarakat awam, lantaran bisa ngawakilan masarakat anu maca. Sedengkeun dokuméntasi digunakeun pikeun ngalengkepan data atawa informasi anu diperlukeun, saperti tina sumber pustaka atawa catetan-catetan leutik.

Lian ti éta, ieu panalungtikan dibarengan ku data lian anu ngarojong tur aya patalina jeung unsural katut, sosiologi sastra. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) nangtukeun sumber data;

- 2) maca buku-buku ngeunaan unsural, jeung sosiologi sastra;
- 3) nganalisis data nu nyampak dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar;
- 4) talaah pustaka ngeunaan sawangan pamaca kana naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar;
- 5) méré gambaran anu lengkep jeung kacindekan sabada nganalisis.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Sabada kakumpulkeun, tuluy data diolah pikeun ngajawab masalah nu ditalungtik. Data nu geus kakumpul diolah saperti ieu di handap.

Dina ieu tahap dipedar analisis sosiologi sastra. Tiori sosiologi sastra anu digunakeun nya éta tiori nurutkeun Wellek jeung Warren, anu masing-masing sosiologi sastra jadi tilu, nya éta (1) sosiologi pangarang, (2) sosiologi karya, jeung (3) sosiologi nu maca.

Analisis sosiologi pangarang, nu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta idéologi pangarang jeung status sosial.

Analisis sosiologi karya, nu dipedar dina ieu bagéan nya éta unsur carita, nya éta Tokoh, Peran jeung Karakter; Motif, Konflik, Peristiwa jeung Alur; Latar jeung Ruang; Tema jeung Amanat. Lian ti éta, ngabahas unsur naskah drama nurutkeun Jacob Soemardjo jeung Saini KM., nyaéta Prolog, Dialog, Solilokui, Aside, Babak, Adegan, jeung Epilog.

Analisis sosiologi nu maca, dina ieu bagéan dipedar sawangan nu maca kana naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar. Sawangan nu dipedar dina ieu bagéan diwatesan kana sawangan-sawangan nu diwakilan ku masarakat sastra.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (dina Adiwisastro, 2014) instumén mangrupa alat bantu nalika panalungtikan ku cara ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara jeung kartu data. Wawancara dilaksanakeun pikeun nyangking informasi atawa data pikeun maham sacara gembleng pasualan dina panalungtikan, sedengkeun kartu data digunakeun

pikeun dijadikeun pedoman analisis data anu kapanggih tina téks sumber data. Conto kartu data jeung pedoman wawancara saperti ieu di handap.

- 1) Kartu data sosiologi pangarang

Bagan 3.2
Kartu data sosiologi pangarang

Analisis sosiologi pangarang naskah drama “Tarung”
karya Nazarudin Azhar
(cutatan biografi pangarang)
(sumber)

- 2) Kartu data sosiologi karya

Bagan 3.3
Kartu data sosiologi karya (unsur)

Analisis sosiologi karya (unsur) naskah drama
“Tarung” karya Nazarudin Azhar
(sempalan carita)
(kode : *wawacang/kramagung/kaca*)

- 3) Kartu data sosiologi nu maca

Bagan 3.4
Kartu data sosiologi nu maca

Analisis sosiologi nu maca naskah drama “Tarung”
karya Nazarudin Azhar
(sawangan nu maca)
(sumber)

4) **Bagan 3.5** Pedoman wawancara ka pangarang**Format Wawancara Pangarang**

1. Wasta:
2. Tempat, ping gumelar:
3. Riwayat atikan:
 - a. SD.....taun.....
 - b. SMP.....taun.....
 - c. SMA.....taun.....
 - d. Paguron luhur.....taun.....
4. Pangalaman organisasi:
5. Riwayat pakasaban:
6. Jenengan sepuh:
7. Pakasaban sepuh:
8. Putra:
9. Pangalaman hirup dipikaresep:
10. Mimiti nulis:
11. Nu mimiti ditulis:
12. Judul nu mimiti dimuat:
13. Nulis mangrupa bakat/usaha:
14. Nulis ngabutuhkeun waktu, cara ngatur antara nulis jeung nyanghareupan hirup sapopoe:
15. Aya sabaraha karya:
16. Karangan nu dipikaresep
17. Layang pangajen nu dicangking:
18. Proses kreatif dina ngarang naskah drama tarung:
19. Nu dipiharep tina naskah tarung:
20. Nu ngailhaman dina nulis naskah drama tarung:
21. Nu sabenerna nu ditepikeun dina naskah drama tarung:
22. Titik pamiangan dina nulis karangan nu euyeub ku lokalitas jeung kritik sosial:
23. Titik pamiangan dina nulis realitas sosial jeung jalma jaman kiwari:
24. Sawangan ngeunaan kritik ti pamaca kana nasjah tarung nu di muat di media masa:
25. Tema nu satuluyna bakal di tulis:
26. Sawangan ngeunaan kahirupan sastra sunda kiwari:
27. Harepan pikeun pangarang ngora:

5) **Bagan 3.6** Pedoman wawancara

Wasta:

Grup Téater:

ANGKET

1. Naon anu jadi téma dina naskah drama *Tarung*?
.....
.....
2. Amanat naon waé anu kapanggih dina naskah drama *Tarung*?
.....
.....
3. Naha sadérék resep kana éta naskah drama? (Alesanna)
.....
.....
4. Naon hal anu ditepikeun tina naskah drama *tarung* nu ku sadérék dibaca?
.....
.....
5. Sabada maca éta naskah, hal naon anu kacangking?
.....
.....
6. Gambaran masarakat naon nu ngawakilan dina éta naskah drama?
.....
.....
7. Naha luyu atawa henteu saupama éta naskah drama dijadikeun bahan pikeun pagelaran budak sakola? (Alesanna)
.....
.....
8. Naha saméméhna kungsi maca karya-karya Nazarudin Azhar? (Naon waé)
.....
.....
9. Naha merenah atawa henteu dialog dina éta naskah diobrolkeun ku barudak sakola? (Alesanna)
.....
.....

Bandung,.....2020
Pamaca Karya

(_____)